Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 25 (7474)
9 Май
ГьатIан
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун - 76 сон!

## КIудияб бергьенлъи



Жакъа 76 сон тIубана инсаниятальул тарихалда жаниб киданиги букIинчIеб гIадаб рагъ лъугIаралдаса. Фашистазул чакмабаз мерхьана тIолабго Европа, ракIалдаго гьечIого ва тохлъукьего кIанцIана нилъер гIагараб ВатIаналде, рахъана шагьарал, рухIана росаби, асир гьаруна гIадамал, жидецаго рахъарал ракьазда чIезаруна хасал низамал, киса-кирего тIобитIизаруна вахIшилъи ва пасалъи. Гьеб инжитлъи нилъер бахIарчияб халкъалъ хIехьечIо ва байбихьана рецIелалъулаб рагъ.

Байбихьудасанго ахиралде щвезегIан, кIалдиб рухI букIаго цIунана эбелаб ракь. Регана амбразурабазда цере, самолетал речIчIизарун, кьвагьизаруна фашистазул эшелонал, нилъго ракъун рукIадго фронталъе битIана ретIел-хьит, квен-тIех ва гь. ц. Гьеб гьедин гьабуна тушманасде бугеб рокьукълъиялъ ва щиналъ. АхIи букIана «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе гIоло!» абураб. Гьеб ахIиялда гъоркь тIубараб улкаго сверун букIана рагъулаб лагералде. Гьеле гьедин цIунана нилъеца ВатIан.

Даимаб ва абадияб рецц буго рагъул ветеранaзе, кIвахIтун тылалда хIалтIаразе! Жакъа нилъеца байрам кIодо гьабулеб буго рекIелъ кIудияб чIухIигун ва рохелгун.

РакIал къварилъула рагъдаса руссинчIел нилъер гIолохъаби ракIалде щведал. Жакъаги чIегIер бахъун гьечIо рагъда россал чIварал руччабаз. Чан рагъухъанасул эбел вас вуссиналде хьулги къотIичIого, хвалил буса-дагиегун, лъимералъул цIар ахIун рухI босун хварай, чан бахIарай къороллъарай, чан лъимер бесдал гьабураб! БитIахъего ракI гъанцIизабула гьелги гьезда бихьараб гIакъуба-гIазабги ракIалде щведал. Гьеле гьединаб балагь рештIинабуна нилъеде гитлеризаз.

Амма, кинабго гьеб ана кIочене рес гьечIеб тарихалде. Кин бугониги, жакъа байрамалъул къоялъ бокьун буго районалъул жамагIаталъе лъикIабщинаб гьаризе. Аллагьас нилъеда, лъималазда, гьезулги лъималазда бихьизе ва рагIизе хъван батугеги рагъги гьелъул кьогIлъиги. Кидаго букIа абе роцIцIараб, бацIцIадаб зоб!

Гьарула районалъул жамагIаталъе даимаб рекъел, щивасе щулияб сахлъи, гIемерал саназул гIумро, талихI ва гьабулебщиналъулъ икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## ИчIабилеб Май



Рагъул гIахьалчагIи
ЛъедерлъанагIан,
Лъалеб буго къимат
Бергьенлъиялъул.

Халкъалда цIа лъураб
Фашизмаялда
Данде кьеркьаразе
Къулилин бутIрул!

ВатIаналъе гIоло
РухI кьун рагъарал,
КъвакIарал васазе
Даимлъаги рецц!

Санал рахъанагIан
ИчIабилеб май,
ТIогьол квацIи гIадин
КенчIелеб буго.

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ,**
**Россиялъул журналистазул Союзалъул член.**

## Иргадулаб хал гьаби

Районалъул территориялда 29 апрелалда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIулаб группаялъ тIобитIана неформалияб занятость гIодобе ккезабиялъе ва коммерческиял объектазул инвентаризация гьабиялъул мурадалда хал гьаби. Рейдалъулал хал гьариялде гьоркьоре рачун рукIана районалъул территориялда ругел автозаправкаялъулал станциял ва бича-хисиялъул объектал. Гьелъул аслияб мурад букIана кколеб хъвай-хъвагIайги гьабичIого, налогалъулал органаздасаги рахчун, предпринимательлъиялъулал хIалтIаби гьарулел ругел къватIир чIвазари. Гьединго хал гьабуна ралел бакIазул, ракьал, объектал тIад хъван ругицали. ХIалтIулаб группаялда цадахъ рукIана полициялъул хIалтIухъабиги.

Хал гьабиялъулал хIалтIаби тIоритIана Гумбет



районалъул ЧIиркъатIа росулъа бахъараб гIещдерида гъоркь бугеб АхулгохIил сверухълъиялде щвезегIан. Гьениб бичIчIана налогалъулал органазда автозаправкабазул хъвай-хъвагIаял гьарун рукIин, гьел хIалтIизаризе ихтияр букIинги, гьединго гьел тIад ругел ракьал тIад хъван рукIинги.

Рича-хисиялъул объектазда дагьабго къадаралда руго тIад хъварал бакIал ва налогазул органазде росарал, ратулел руго объектал рараб ракь тIад хъвачIелги, ай бича-хисиялъул бакIал дагьабго къадаралъ гурони налоговиял органазде росун гьечIо. Гьенибго налогазул хъулухъалде кьун руго налогалъулал уведомлениял, налогазул къадарги бихьизабун. Гьезие лъикIаблъун бихьизабуна хIалтIухъабазулгун захIматалъулал къотIи-къаял гьаризе. Районалъул администрациялъ тасдикъ гьабураб план-графикалда рекъон ведомствабазда гьоркьосеб группаялъ киса-кибего гьаризе руго гьединал рейдалъулал хал гьариял

## Акция тIобитIана

Гьал къоязда Унсоколо росулъ, Рамазан моцIалъул хIурматалда тIобитIана «Подари улыбку детям» акция. Гьеб тIобитIиялъе аслияб мурад букIана гIолеб гIелалъе рухIиябгун гIамал-хасияталъул тарбия кьей. Акциялда гIахьаллъана реабилитационнияб централда сахгьарулел ругел лъимал, ясли-ахазул тарбиячагIи, школазул цIалдохъаби. Гьенир хIурматиял гьалбаллъун рукIана районалъул руччабазул цолъиялъул пред. Хадиджа, нашидал ахIулел Н. ГIадуев, «Баракат» группа, поэт П. ГIабдулаева, М. ГIисаева, лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъаби ва цогидалги. Акция ана киназего пайдаяб хIалалда.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№25 (7474)
ГьатIан
9 Май 2021 сон

2 гьумер

Дунял гьаргьадараб, гIалам гIодараб
ГIорал бидул тIураб, ВатIанияб рагъ.
Дур бицун рагIидал, тIахьал цIалидал
ЦIунцIрахуна лугбал, цIорола керен.

Бергьенлъиялъул къо – 9 Май,
Мун щивасул рекIелъ чIухIилъун буго
ЧIахIиял умумуз биги тIун щвараб
Хадусеб гIелалъе мисаллъун буго.

# ГIаданлъи рехичIев



РекIкIав тушман гIагараб ВатIаналде тIаде кIанцIараб мехалда Унсоколоса Таймасханов Муса вукIана Кисловодск шагьаралда, ансадерил художествалъул артелалъ рагьараб, жидерго махщел тIокIал устарзабаз гьарурал ва цIулада тIад ишан чIван берцин гьарурал тIагIалаби ричулеб тукада хIалтIулев. Рагъ байбихьун бугилан лъазаби къватIибе кьурабго гьес жиндихъего къайи бичун щвараб артелалъул гIарац почалда росулъе битIула. Нахъисеб къоялъго, ай 23 июналда Мусахъе повестка бачIуна, ВатIан цIунизе ахIун. Байбихьуда гьел ритIула Бакуялда рагъухъаби хIадур гьарулел рукIараб хассал курсазде.

Гьесул рагъулаб нух бабихьула Воронеж шагьаралдаса, хадув гIахьаллъана Киев, Черновцы шагьарал эркен гьариялъулъ. Гьединаб куцалда рагъ байбихьаралдаса нахъе гьеб лъугIизегIан Муса вагьана Украина, Белоруссия цIунулаго ва гьел эркен гьарулаго. Нилъер улка немцаздаса бацIцIад гьабун хадуги бахIарчиял рагъухъабаз ярагъ гIодоб лъечIо. Жигаралда гIахьаллъана Румыния ва Венгрия эркен гьабиялъулъ, фашистал жидерго рукIнире кIанцIизаруна. Рагъда гьев вукIана саперлъун, хадуб зенитнияб батареялда пулеметчиклъун.

Рагъ лъугIун хадуб гIезегIанго заманаялъ хъулухъ гьабуна СССРалъул пограничнияб аскаралда. Заман захIматаб букIана, рагъ лъугIун бугониги, жеги улкаялда парахалъиги хIалхьиги букIинчIо. БакI-бакIазда хутIун рукIана немцазулги цогидал нилъер улкаялде данде рагъулел рукIарал къуватазулги хутIелал. Гьезда цадахъго камун рукIинчIо нилъерго улкаялъул хиянатчагIиги, цогидал хIалихьатал чагIазул къукъабиги. Гьезда данде нижеца цIоб гьечIеб рагъ гьабизе ккана,-ян бицунаан мунагьал чураяв Мусаца дол къваридал къоязул бицен ккедал. –Бищунго захIмат букIана НКВДялъул аскаразда хъулухъ гьабулел санал, гьеб букIана кутакалда цIодорлъиги, хIинкъи гьечIолъиги, къвакIиги бихьизабизе хIажатаб бакIилан бицунаан инсуца,-ян ракIалде щвезабула гьесул яс Меседоца.

Рагъ лъугIун хадубги Мусаца лъагIелгун бащадалъ хъулухъ гьабуна нилъерго улкаялъул гIорхъаби цIуниялда. Рокъове тIад вуссана I947 соналда.

ГIумроялдаги Муса вукIана кутакалда ритIухъав, тIадехун ругезул божилъи киданиги хвезабичIев, рагъдаги ракълилаб гIумроялдаги хиянатчилъи гьабизе лъачIев чи.

Кивехун фронталда вукIаниги гьев вукIана кидаго цебесеб кьерда, гIужилав кьвагьдохъанлъун, жинца кьураб рагIи хвезе толарев чилъун.

Рагъ лъугIун худувги Муса гIемерал саназ хIалтIана армиялде инегIан живго хIалтIулев вукIарав художествалъул артелалда. Гьес цIакъго берцинго кьабулаан тIагIалида ишан. Фронталдаго гIадин артелалдаги цебесеб кьерда вукIана Муса. ЗахIматалъулъ рукIинарурал бергьенлъабазе ва гьайбатал художествалъул тIагIелал гьариялъе гIоло гьесие ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъ чанго ХIурматалъул грамота кьун букIана. Гьединго гьес гьабураб шкатулкаялъе кьуна ТIолгосоюзалъул художествалъул промыслабазул халкъиял тIагIелазул хал гьаби – выставкаялдаса ХIурматалъул грамота. Гьединго Муса мустахIикълъун вукIана «ХIурматалъул гIаламат» орденалъе. «РСФСРалъул промкооперативалъул отличник»,-абураб гIаламаталъе. Гьелда тIадеги рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ва къохIехьеялъухъ М. Таймасхановасе щун руго хIурматалъул чанго орден ва медалал. Росуцоязда Таймасханов лъалаан къартI бугев, гьурмадаса гьими камуларев, гIадамал хирияв, гьитIинасулги кIудиясулги жинца адабхатир гьабулев, яхI-намусалъул хIуби гIадав чи хIисабалда. Гьелъие нугIлъиялъе рехсезин, I963 соналда гIисинал лъабго лъимерги нахъе тун хвана гьесул хъизан ПатIимат. ГIага-божараз гьесда абулеб букIана хъизан ячунцин лъикI гуродай,-ян. Гьеб мехалда Мусаца абуна: жинца гьел ясазда бесдал эбел йихьизайизе гьечIилан. Гьес гьеб рагIи хвезе течIо ва эбелал ругел ясаздасаги лъикIги тIокIги рукъалде руссинаруна, цIализеги гьаруна. Муса вукIана лъималазе хIеренав эменлъунги, лъималазул киданиги ракI бакъвазабуларев инсанлъунги. Гьев вукIана кутакалда захIмат бокьулев чи, херлъун хадубги гьев кверал тIатIала лъун чIолароан.

ГIумроялдаса гьев ватIалъана I990 соналда. Аллагьас ахират лъикIаб кьун вохизавун ватаги гьев гьайбатав, жакъасеб гьаб талихIаб къоялъе гIоло гIемераб къо бихьарав, рагъдаги ракълилаб гIумроялдаги гIемераб гIетI тIун къеркьарав, гIумроялда хиятанчилъи гьабизе лъачIев инсан.

**ХI. ГIАБДУЛАЕВА.**

# Сталинградалъул рагъул гIахьалчи



I9I3 соналда ГьаракIуни росулъ гьавурав Жамалудинов МухIамадица гIагараб росулъ школаги лъугIизабун гIумро бухьинабун букIана гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул хIалтIуда. ДагъистаналЪул педагогикияб училищеги лъугIизабун цIализе лъугьана Орджоникидзеялъул педагогикияб институталъул географиялъул факультеталде. Гьениб лъабго курсги лъугIизабун хIалтIизе байбихьана Гумбет, Хунзахъ, Унсоколо районазул школазда. Хадув хIалтIана ГьаракIуни, Балахьуни, МахIачхъалаялъул № 9 бугеб железнодорожниял школазда. Гьелдаса хадуб хIалтIизе ана ГIахьвахъ районалъул ГIанчихъ росдал школалде. Гьенив лъагIелгIан заманаялъ хIалтIана школалъул директорлъун…

Советияб улкаялда унел рукIана захIматал рагъал. ЦIакъго захIматал гьел рукIана I94I-I942 соназда. ВатIан мерхьунел немцазул къуваталда квер базего кIолеб букIинчIо гьел саназда. Гьединаб хIал ВатIаналда бугеб мехалъ гIодове виччан школалда хIалтIун чIезе кIвечIо МухIамадида. I942 соналъул I0 июлалда кьун гIарзагун ана ВатIанияб рагъде, ккана кор боркьараб ва немцазул къуватаз жанибегун къватIибе нух къараб Сталинградалъул рагъулъе. ЖужахIалде свераараб рагъул коронив чанцIулго валагьана хвалде бадиве. Чанго нухалда хутIана рагъул майданалда хвараздa гьорлъ. Гьедин I943 соналъул I2 апрелалда хадубккунисеб рагъуе ярагъунаревлъунги рикIкIун, рикIкIен гIемерал ругънал черхалда лъурав ва контузия лъугьарав МухIамад сержантасул званиягун рагъдаса эркен гьавуна.

Жамалудинов МухIамуд ГьитIинмухIамадовичасе кьун букIана Германиялда тIад бергьенлъи босиялда хурхараб медаль ва гIемерал грамотабиги.

Армиялдаса тIад вуссун хадуб I943-I944 соназда гьев цIидасан тIад вуссана педагоглъиялъулаб хIалтIуде. Школалъул завучлъун хIалтIана Балахьунив, хадув директорлъун хIалтIана ГьаракIуни гьоркьохъеб школалда.

ХIалтIул саназе лазатбахъи гьабуна рагъул авлахъалда щварал ругъназ, ригьана, мергьвенлъана гьел, бокьичIониги I956 соналда гIодов чIезе ккана мустахIикъаб хIалхьиялда I группаялъул ВатIанияб рагъул инвалид хIисабалда. ГIумроялдаса ватIалъана I970 соналда.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 25 (7474)
Гьат1ан
9 Май 2021 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



# Унцукульцы в годы Великой Отечественной войны 1941-1945 г.

Минуло 76 лет со дня окончания Великой Отечественной войны, но подвиг нашего старшего поколения во имя защиты Отечества остается для нас самым ярким примером мужества и отваги, добросовестного служения Родине и защиты Отечества.

Унцукульцы приняли самое активное участие в Великой Отечественной войне. Достаточно сказать, что из Унцукульского района на фронт ушли 950 человек, из них вернулись домой 410 человек, на фронтах войны погибло 540 человек, а 150 пропали без вести. Из селения Унцукуль на фронт ушли 216 человек, из них вернулись домой 106, погибли на фронте 110, а 50 пропали без вести.

На фронтах Великой Отечественной войны унцукульцы проявили немало примеров мужества и героизма. Так, летчик-истребитель Абдулаев Абдулсатар из с. Унцукуль погиб под Ленинградом, повторив подвиг Гастелло 21 марта 1944 года. Свой горящий самолет он направил на вражеский корабль и погиб как герой.

Героически погиб на Курской дуге лейтенант Гаджиев Зайнула, работавший до войны заведующим райОНО и добровольцем ушедший на фронт в 1941 году.

От Кавказа до Берлина прошел боевой путь араканец Джамалудинов Магомед. Своих сыновей, братьев, ушедших на фронт, в тылу на рабочем месте заменяли их матери, сестры, дочери. Женщины работали на полях колхозов, пасли отары овец, собирали урожай, воспитывали детей. Многие из них работали и на строительстве оборонительных рубежей на Тереке, когда враг стал приближаться к Дагестану. На средства, собранные тружениками Унцукульского района в годы войны, была создана танковая колонна имени Шамиля и авиаэскадрилья им. М. Дахадаева. Кроме того, унцукульцы собрали в помощь фронту 7 т цветных металлов, 120 лошадей, было отправлено на фронт большое количество теплых носков, варежек. Унцукульцы собрали на помощь фронту 3 млн рублей, отдавали самое ценное ради общей победы над врагом. За помощь, оказанную фронту в годы Великой Отечественной войны, унцукульцы получили благодарность от имени Верховного Главнокомандующего Сталина.

Учителя – фронтовики

Из Унцукульского района на фронт ушли 22 учителя. Многие из них на командирских должностях героически сражались с захватчиками. 14 учителей героически погибли на фронте, 7 учителей, выполнив свой воинский долг перед Родиной, вернулись домой живыми и продолжали работать после войны учителями в школах Унцукульского района.

Хотелось бы рассказать о боевом пути некоторых из них.

Гаджиев Зайнула Гаджиевич, 1911–1942 гг. Уроженец с. Унцукуль. До начала Великой Отечественной войны работал заведующим райОНО. В 1941 году добровольцем ушел на фронт. В должности командира взвода 1057 стрелкового полка 297-й стрелковой дивизии лейтенант Гаджиев героически сражался с немецко-фашистскими захватчиками в боях за Курск и Белгород. В одном из жестоких боев за деревню Шахово Белгородской области погиб. После боя друзья посчитали на позиции Гаджиева более 50-ти трупов фашистских солдат. Зайнула похоронен в братской могиле в деревне Шахово Белгородской области.

Газимагомедов Гасан Раджабович, 1923–1961 гг. Уроженец с. Унцукуль. В 1941 году окончил педагогическое училище и сразу же добровольцем ушел на фронт. Прошел всю войну от начала до конца. Неоднократно был ранен, но каждый раз возвращался в строй. В составе 84-го гвардейского танкового полка 3-го Украинского фронта старший сержант Газимагомедов Г. героически сражался за освобождение Родины, а затем и стран Европы от фашистского ига. Принял участие в штурме Берлина, в разгроме японских захватчиков на Дальнем Востоке. Награжден многими боевыми орденами и медалями. В 1947 году Газимагомедов Г. вернулся в родное село, работал учителем, завучем Унцукульской СШ, инспектором райОНО.

Джамалудинов Магомед Гаджиевич, 1924 г.р. Уроженец с. Араканы. Добровольно ушел на фронт в 1942 году. Окончил курсы офицеров и командовал на фронте взводом 291-го полка 196-й гвардейской дивизии. Принимал участие в боях за освобождение Северного Кавказа. Джамалудинов М.Г. – участник Сталинградской битвы. Принимал участие и в штурме Берлина. Награжден многими боевыми орденами и медалями. После окончания войны вернулся в родное село и до выхода на пенсию работал учителем.



Абдулаев Абдулсатар

Семья Абдулаевых – участники Великой Отечественной войны

Абдулаев Якуб. Якуб – самый старший сын в семье Абдулаевых. Война для Якуба началась в 1939 году. После окончания краткосрочных курсов бойцов Красной Армии был отправлен на службу на Дальний Восток. С мая 1939 года на территории Монголии в районе реки Халхин-Гол велись боевые действия советско-монгольских войск против японских захватчиков. В этих боях участвовал и Якуб Якубович. Неоднократно был ранен, умер в госпитале в 1944 году. А ему было всего 30 лет. Место захоронения Якуба неизвестно.

Абдулаев Багаудин. После завершения учебы в детдоме г. Буйнакске связал свою жизнь с органами НКВД. Вначале в ауле Унцукуль, затем в различных районах и городах Республики Дагестан Багаудин активно боролся с врагами советской власти. В 1936 году участвовал в армейских учениях войск НКВД, где получил от С. Буденного именную шашку в награду за образцовую службу. В годы ВОВ Багаудин находился в армейских частях войск НКВД, защищавших Кавказ. В послевоенный период продолжал служить в НКВД, затем с 1965 года работал начальником пожарной службы МВД. Умер в возрасте 71 года, похоронен в г. Махачкале.

Абдулаев Нурмагомед. В 1939 году был призван в армию. Войну встретил в 1941 году в чине старшины роты морских пехотинцев Черноморского флота. Участвовал во многих тяжелых сражениях ВОВ, таких, как оборона Севастополя, Керчи, Кавказа, освобождение Украины. Был награжден орденом Боевого Красного Знамени, другими боевыми орденами и медалями. Нурмагомед вернулся домой в 1946 году со своей фронтовой подругой – Коровиной П.И., жил в сел. Унцукуль, работал в Унцукульской СШ №1 учителем физкультуры. Умер в 1985 году.

Коровина (Абдулаева) Прасковья Ивановна родилась в 1924 году в г. Льгове Курской области. В дни обороны Севастополя героически сражалась вместе с морскими пехотинцами против фашистских захватчиков. Участвовала во многих сражениях за Крым и за Кавказ вместе со своим будущим супругом Абдулаевым Н.Я. После войны они поженились и приехали в сел. Унцукуль. Прасковья Ивановна работала секретарем-машинисткой райисполкома. Награждена многими боевыми орденами и медалями. Похоронена на сельском кладбище сел. Унцукуль рядом со своим мужем.

Абдулаев Абдулсатар. Абдулсатар – самый младший из братьев Абдулаевых. После завершения учебы в детдоме г. Буйнакска он был направлен на учебу в Балашовское летное училище. Встретил войну в чине лейтенанта военно-воздушных сил. Он был пилотом высокого класса, на своем штурмовике ИД-2 беспощадно громил фашистов. Абдулсатара называли воздушным асом. Он был командиром звена 277-й штурмовой авиационной дивизии 13-й Воздушной Армии Ленинградского фронта. 21 марта 1944 года в одном из воздушных боев над Балтийским морем самолет Абдулсатара был сбит, и он, не растерявшись, направил свой самолет на вражеский корабль. Так Абдулсатар Абдулаев погиб, повторив подвиг Гастелло.

Ахмедов Магомед – участник ВОВ (с. Ирганай)

Был отправлен на фронт только в 1943 году, до этого учился в фабрично-заводской школе при заводе «Уралмаш» г. Свердловска. Прошел учебу в танковой школе. Был механиком-водителем. Танковая рота, в составе которой сражался М. Ахмедов, вела бои на различных фронтах, в том числе на территории Германии.

При въезде в город Потсдам попали в засаду, двое из экипажа танка были убиты, остальные контужены. Ахмедову осколок попал в глаз. Конец войны и победу встретил в госпитале. После выздоровления был отправлен в свою часть. Служил до 1949 года.

Унцукульцы – участники Великой Отечественной войны

Гимбатов Магомед Гимбатович

Участвовал в боевых действиях на Западном фронте с 18.07.1941 г. по 25.07.1941г. Уволен в запас 15 февраля 1942 г. по ранению. После возвращения с фронта его назначили директором Цатанихской НСШ, а в августе 1943 г. утвердили зав. Унцукульским райОНО, в сентябре 1947 г. избрали секретарем Унцукульского РК КПСС, в июле 1949 года назначен первым секретарем Унцукульского РК ВК(б).

В декабре 1951 г. обком партии послал его на учебу в Москву на Ленинские курсы при УК КПСС. После учебы в январе 1955 года его направили в Унцукульский район первым секретарем РК КПСС, где он работал до 1983 года.

Имел 6 орденов, 14 медалей: орден «Знак Почета», медали: «За боевые заслуги», «За победу над Германией в Великой Отечественной войне».

Гирагаджиев Иманшапи Гирагаджиевич

Родился в 1911 г. в с. Унцукуль Унцукульского района. В 1942 г. призван в ряды Советской Армии и служил в г. Ленинакан Армянской АССР. Оттуда направили в Моздок.

Первый бой, в котором он принял участие, состоялся зимой 1942 года под Моздоком. Немцев было вдвое больше, и физически они были сильнее. Юные бойцы сражались мужественно, но силы были неравные. Товарищи Гирагаджиева погибали у него на глазах. Санитары не успевали оказывать помощь раненым.

**(Продолжение на 4 странице)**

# Унцукульцы в годы Великой Отечественной войны 1941-1945 г

В мае 1944 года он был списан по инвалидности. Награжден орденом Славы III степени, медалью «За победу над Германией в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг.», двенадцатью юбилейными медалями и орденами Отечественной войны I степени. Самой важной наградой для ветерана стала весть об окончании войны.

Алиев Газимагомед, 1908 года рождения, уроженец с. Унцукуль Унцукульского района Республики Дагестан, активный участник Великой Отечественной войны

Приводим отрывки из его воспоминаний.

«Когда началась Великая Отечественная война (1941-1945 гг.), я работал руководителем Кисловодского филиала Унцукульской артели промысловой кооперации им. Махача Дахадаева в г. Кисловодске. Меня срочно вызвали в Унцукульский райком КПСС и назначили командиром резерва по боевой подготовке молодежи. До конца 1941 года занимался военной подготовкой будущих воинов по брони военкомата. В начале января 1942 года добровольно ушел на фронт и меня направили на курсы младших лейтенантов пограничных войск. По окончании курсов присвоили звание «младший лейтенант» и назначили заместителем командира роты по политической части.

Сформированный 26-й пограничный полк отправили на Крымский полуостров – г. Керчь. 1942 год был одним из самых тяжелых и трагичных за всю войну. Самая катастрофичная была Крымская операция. Самые тяжелые и жестокие бои шли на Крымском полуострове (Керчь, Севастополь, Симферополь и др.).

Из нашего рода живым, без ноги, вернулся я один. Остальные мужчины героически, мужественно погибли и многие пропали без вести».

Работал до последнего дня своей жизни и скончался в командировке в с. Леваши Левашинского района от инфаркта 24 декабря 1980 г.

Абдулаев Магомед А.

В 1943 г. его призвали в армию, с января 1944 года находился на военных сборах, а затем их часть, которая называлась «Стрелковый пункт № 300», была направлена на фронт на Керченском направлении. В составе этой части Абдулаев Магомед в течение 3 месяцев вел тяжелые бои за освобождение Крыма.

11 апреля 1944 года во время освобождения Керчи Абдулаев М. был тяжело ранен и направлен в госпиталь города Сочи, где находился на излечении 9 месяцев. В боях за освобождение Керчи Магомед потерял глаз и правую ногу.



Мухадизаев Абдурахман Магомедович, уроженец с. Унцукуль, призван на фронт в 1942 году. Воевал на Ворошиловском фронте. В 1944 г. попал в плен к врагам. В 1945 г. войска Красной Армии разрушили немецкие концентрационные лагеря и освободили пленных советских солдат. Награжден многими боевыми орденами и медалями. Вернулся в родное село в сентябре 1945 г. После войны работал в больнице завхозом до ухода на пенсию.

**Унцукульцы – труженики тыла**

«Все для фронта, все для победы» – этот лозунг был главным с первых дней войны для людей, заменивших рабочих, ушедших на фронт. Женщины и подростки стали главной силой на трудовом фронте. Когда война стала приближаться к Дагестану, в срочном порядке было начато строительство оборонительных сооружений у Терека, в нем принимали участие женщины и из Унцукульского района. В 1942 г. уроженка с. Унцукуль Магомедалиева П., звеновод колхоза им. М. Дахадаева, вместе с подругами из с. Унцукуль отправилась на Терек рыть окопы. Работали по 15-17 часов в сутки, стараясь не отставать от мужчин. Терпели голод и холод, дневной паек был очень маленьким – 400 г хлеба в сутки. Около месяца работали они на берегу Терека. «Эти дни были страшным испытанием для каждого из нас. Огромное желание победить врага, не допустить, чтобы враг пришел на нашу землю, давало нам всем силы», – вспоминает Патимат. Через месяц Патимат с другими женщинами отправили в Шамхал, также на строительство оборонительных укреплений.

Около полутора месяцев работала Патимат в Шамхале и вернулась домой. Еще не оправившись от болезни, она снова, собрав свое звено, начала работать в колхозе.

…9 Мая унцукульцы, как и весь наш народ, отметили 76-ю годовщину Великой Победы. Как давно это было… Война… Это чуждое человеческому разуму испытание несколько раз довелось пройти нашему народу. И сейчас наша страна вновь переживает нелегкие времена. К сожалению, ветераны уходят от нас.

На сегодня в Унцукульском районе не осталось в живых ни одного ветерана.

Наш человеческий долг всегда помнить о тех, кого нет с нами, кто пал на войне. Пусть никогда на земле не повторится этот день, пусть никогда больше не будет войн, не будет горя!

1941



1945

Бергьенлъиялъул къо бачIунароан
БахIарзал нуж гIадал рукIинчIелани,
Зодихъ талихIаб бакъ къалъулароан
ГIумроялъухъ хисун босичIебани.

ЗахIматал къояца къулизаричIел
Къулула, хириял, нужее бутIрул!
ГIаштIичIагIи рохун нахъе риччачIел
ЧIухIун рехсола цIар наслабаз нужер.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 7. 5. 2021 г. 17.10
фактически -18. 20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.